Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

sadovoduns@yandex.ru

№ 20 (7212) 20 Май Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ



## Почетной Грамотой РД награжден глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов



### УКАЗ ГЛАВЫ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН

**«О награждении Почетной Грамотой Республики Дагестан» Нурмагомедова И. М.**

За достигнутые трудовые успехи и многолетнюю добросовестную работу наградить ПОЧЕТНОЙ ГРАМОТОЙ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН НУРМАГОМЕДОВА ИСУ МАГОМЕДОВИЧА - главу муниципального района «Унцукульский район»

**Р. Абдулатипов**
**Глава Республики Дагестан**

## Иргадулаб данделъиялда





Араб анкьалда букIана райадминистрациялъул иргадулаб совещание. Гьенир гьоркьор лъуна администрациялъул ишазда хурхарал гIемерал суалал. Аслияблъун гьезул букIана 22 маялда букIине бугеб «Единая Россия» партиялъул рищиязул суал. Гьелда хурхун информация гьабуна РИКалъул пред. А. Расуловас.

Гьединго совещаниялда хал гьаруна арал данделъабазул протоколазда рекъон цо-цоязе кьурал тIадкъаял тIураялъул. Масала, С. АрулмухIамадовас бицана неформалияй хIалтIул бакIазул налогал ракIари лъикIлъизабиялъе гьарурал хIалтIабазул, лъай кьеялъул рахъалъ нухмалъулев Л. МухIамадгIалиевас бицана ЕГЭялде хIадурлъулаго гьарулел ругел хIалтIабазул, ралел бакIазул, хасго «ветхое жилье» программаялда хурхун хIисаб кьуна ХI. ХIамзатовас. Заманаялъулаб поселокалда контртеррористическияб операциялъул заманалда ккараб зараралалъул документация лъугIизабиялде буссараб букIана ГО, ЧС ва ПБялъул начальник М. ГIабдулаевасул кIалъай.

Гьединго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас кIвар кьун бицана республикаялда ящур унти тIибитIун букIиналъул, районалда гьелъул рахъалъ информация бакIаризе штаб рагьизе ккеялъул. Гьединго бетIерас кIвар кьуна ХХ гIасруялъул байбихьул заманаялъул политикияв деятель, жиндир цIар Дагъистаналъул тахшагьаралда лъурав Унсоколоса М. Дахадаевасул бицине ккелин. Гьелъул оргкомитет гIуцIизе тIадкъана культураялъул отделалда.

Совещаниялда гIенеккана саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул секретарь П. НурмухIамадовалъул ва административияб комиссиялъул секретарь У. ХIайбулаевалъулги информациязухъ. Хадурккунги гьаризесел хIалтIабазул гьезда цере масъалаби лъуна бетIерас. Гьес баркала загьир гьабуна Бергьенлъиялъул къо гIуцIадго тIобитIаразеги.

Выборы

## Информационное сообщение

Выборы депутатов Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации пройдут 18 сентября 2016 года. Выборы пройдут по смешанной избирательной системе: из 450 депутатов 225 будут избраны по партийным спискам и единому федеральному округу, а еще 225 – по одномандатным округам. Согласно Уставу Партии «Единая Россия», партия утвердила положение о проведении 22 мая 2016 года праймериз перед выборами депутатов Госдумы ФС РФ. Праймериз «Единая Россия» - предварительные выборы, в ходе которых происходит отбор кандидатов, которые будут выдвинуты по спискам партии «Единая Россия» на выборах депутатов Госдумы ФС РФ. В связи с этим, в Унцукульском районе образовано 6 счетных участков для проведения праймериза:

Счетный участок №1 – п. Шамилькала.
Счетный участок №2 – с. Унцукуль и с. Хинтлимита.
Счетный участок №3 – с. Майданское, с. Зирани, с. Балахани, с. Моксох.
Счетный участок №4 – с. Аракани, с. Ирганай.
Счетный участок №5 – с. Гимры, с. Ашильта, с. Кахабросо, с. Бетли.
Счетный участок №6 – с. Иштибури, с. Колоб, с. Инквалита, с. Колоб прикутанный, с. Иштибури прикутанный, с. Цатаних, с. Новый Цатаних.

Утверждены адреса места расположения участковых счетных комиссий и их состав.

**(Продолжение на 4 странице)**

## Лъай кьеялдегун спорталде - кIвар



Дагъал церегIан къоязда букIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги школазул ва спортивиял школазул директорзабазулги дандчIвай. Гьениб кIвар буссинабуна районалда тIоритIулел спортивиял тадбирал цIикIкIинариялде, ЕГЭялде хIадурлъиялде ва цогидалги суалазде.

Байбихьудаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна районалда тIоритIулел спортивиял тадбираз рази гьарулилан. Мисалалъе босана дагъаб цебе Балахьуни М. ГIабдулатIипов ракIалде щвеялъе тIоритIарал къецал. Бихьизабуна цIалдохъабазул цIалуде гъира базелъун спортги цебетIезабизе ккоди лин.

Данделъиялда борхана районалда финансовияб рахъалъ бугеб хIалги. Бихьизабуна гьелъие гIоло налогал ракIариялде кIвар кьолеб бугин ва гьелъул хIасилал лъикIал ругин. КIвар буссинабуна буголъи тIад хъвай нухмалъулездасан байбихьизе кколин, щивас законалда рекъон хъвай-хъвагIай гьабизе кколин. Лъай кьеялъул бицунаго хабар ккана медалистазда хурхун. Л. МухIамадгIалиевасул рагIабазда рекъон исана вукIине бегьула I5 медалист. «Нилъер вуго I400 отличникал ва хорошистал»,-ян бихьизабуна гьес. Районалъул бетIерас нухмалъулезул кIвар буссинабуна школазда лъималазул бугеб рачIиналде, гьезие качественнияб лъай кьей букIинабизе кколин бихьизабуна.

ДанчIваялъул ахиралда ГI. НурмухIамадовасе кьуна Ставрополь краялъул лъай кьеялъул министерствоялъ ва Предгорненский районалъул бакIалъулаб ТIолгороссиялъул благотворительнияб фондалъул Баркалаялъулаб грамота.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 20 (7212)
20 Май 2016 сон



Гьал къоязда райадминистрациялъул хIалтIухъабаз муниципалитетазул хал гьабуна тIибитIун унеб бугеб ящуралде данде вакцинация гьаби унеб бугищали. Киса-кибего гьеб гьабун буго ва гIи-боцIуегун гIадамазе гьелдалъун унтиялъе хIинкъи гьечIо.

Педагогасул хIакъалъулъ рагIи

# ТIадаб налъиги бичIчIун



Унсоколоса «Россиялъул лъай кьеялъул хIурматияй хIалтIухъан» Кумсият ХIасановалъ лъикIал кьиматазда цIалун лъугIизабуна ДГУялъул филологиялъул факультет. Гьелъ 2003 соналдаса нахъе тIубазабулеб буго Шамильхъала поселокалъул школалда байбихьул классазул заву чалъул жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи. Жиндирго хIалтIул хIакъалъулъ Кумсиятица гьадин бицана:

- Нижер школалъул байбихьул классазда кIиго сменаялда цIалулеб буго 290 лъимер, гьезие лъайгун-тарбия кьолеб буго группаялъул тарбиячагIи гьорлъе рачун 45 мугIалимас. Гьаб цIалул соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIел нижеца нухда регIана цIалуда хадургьей 95, цIалул качество 68 процентгун. Лъай кьеялда хIалтIулезул ункъого процентаналъул тIадегIанаб лъай букIиналъ (гьездасан ункъгояв «Российялъул лъай кьеялъул хIурматияв хIалтIухъаби» ккола) квербакъулеб буго хIалтIулъ лъикIал хIасилал рукIинаризе. Цогидазе мисал бихьизабун хIалтIулездасан ккола: П. МухIамадгIалиева, Р. МухIамадова, П. Хваджаева, У. МухIамадова, П. ГьитIинмухIамадова, С. МухIамадова, П. НурмухIамадова, Ш. Жалилова гIадал ва цогидалги педагогал.

**-Кумсият, гьадинаб кIудияб коллективалъе нухмалъи гьабулаго захIмалъаби дандчIвачIого хутIулел ратиларо.**

-ХIалтIи гьабулев чиясда захIмалъаби дандчIвачIого рукIунаро, нижер коллектив кIудияб букIин гурегьи гIемермиллатазулабги буго, гьединлъидал щивасда рекъезабун бачине ккола хIалтIи. Щибаб къоялъ къасилъизегIан дие школалдаса камизе рес букIунаро. 2011 соналдаса нахъе ниж хIалтIулел руго цIалул цIияб стандартазда, «Россиялъул школа» программабазда рекъон. ХIисаб гьабе: Москваялъул школаздаго гIадин, росабалъ миллиял школаздаги цого къагIидаялъ кьезе кколеб буго лъай, цIияб стандартазда рекъон тIоцебесеб классалде бачунеб лъимералда лъазе ккола хъвазеги цIализеги. Ясли-ахикье хьвадичIел лъималги гIезегIан рачIуна нижехъе, гьединазулгун хIалтIи гьабизе захIматго букIуна гьелъие бихьизабураб заман гьечIого. Жидерго хIалтIи ва лъимал ракI-ракIалъ рокьулел мугIалимал цадахъ хIалтIулел рукIиналъ ва цIалдохъабазул эбелинсулгун щулияб бухьен букIиналъ кIолел руго дандчIвалел захIмалъаби къвинаризе.

**- Тарбия кьеялда хурхун щиб хIалтIи гьабулеб бугеб?**

Щибаб классалда планалда ре кьон анкьида жаниб цо нухалъ гьарула классалъул сагIтал, кидаго гIадин араб соналъул сентябралъул ахиралда тIобитIана тIолго школалъулаб «Меседилаб хаслихълъи», ноябрь моцIалъ «Эбелалъул къо» гIадал тадбирал, эбел-инсул лъикIаб гIахьаллъигун. Школалда хIалтIулеб бугеб кьурдул «Койсу» ансамблялде хьвадулел гIисинал гьунарчагIазул цере рахьиналдаса разиго хутIана тадбиралда гIахьаллъарал. Щибаб классалда лъабго чиясдасан гIуцIараб эбел-инсул комитеталдасан щола нижее класс тун къватIибехун гьабулеб хIалтIуе кIудияб кумек. Щибаб соналъ лъабабилеб четверталъ нижеца тIобитIула «Байбихьул классазул интеллектуалияб анкь»,-абураб районалъул даражаялъул тадбир. ХIалтIул хIалбихьи гIахьал гьабизе нижехъе рачIуна районалъул росабалъа учительзаби. ТIубараб анкьалъ рукIуна рагьарал дарсал, классалъул сагIтал, батIи-батIиял хIаял. ТIадеги лъай щвезе бокьарал цIалдохъаби хьвадула «Махщалил кверал», «Писинал кьурдухъаби», «Проекталъул хIалтIаби» ва цогидалги кружоказде. Спорталде рокьи бугезеги ресал руго батIи-батIиял секциязде хьвадизе.

**Сураталда:** К. ХIасанова.

# Нилъер аслияб квен

Квен букIине ккола лъикIго регьунеб гуребги сахлъиялъе хIажалъулел киналго жал гьорлъ ругебги. Кванил нигIматал жидерго хасиятаалъул рахъалъ рикьула кIиго бутIаялде: жалго чорхолъ лъугьунел, яги дагьго лъугьунел (белокал, витаминал, минералиял цIамал) ва кванидасан щун чорхое щолел (углеводал ва беэнлъаби). Бицен гьабизин кванида гьорлъ рукIине кколел аслиял жалазул ва чорхое гьезул кIвараралъул.

Нилъер чорхое белокал щола ба тIи-батIиял рухIчIаголъабаздасан ва гъветI-херала рижарал продуктабазул гьабураб кванидасан. Гьел бечедал рукIуна «черх балеб материаллъун лъугьунел» аминокислотабаздалъун. Белокалдалъун черх хьезабиялда цIикIкIараб къадаралда бараб букIуна чиясул сахлъи, физическияб цебетIей ва хIалтIизе бажари, гIисинал лъималазу-



лин абуни цо къадаралъ гIакълулъай цебетIей. Гьезие бищунго цIикIкIун белокал хIажалъула лага гIолеб заманалда. Амма чIахIиял гIадамазулги дагьлъула чорхолъа белокал, гьединлъидал гьезул ками кидаго кванидалъун рукIалиде ккезабизе ккола.

БатIи-батIиял белоказул регьенги батIи-батIияб букIуна. ХIайваназдасан щолел продуктабазул, масала, гьанал, рахьдал, ханазул, ччугIил продуктабазда гьорлъ рукIуна бигьаго ва тIуранго регьунел белокал, амма хурдузул гьарулел продуктабазул, масала, ролъ, цIоросаролъ, пиринчI ва гь. ц. гьорлъ ругел белокал тIуранго регьунаро.

Чорхолъ киналго ишал лъугьуна ва ччорбал хIалтIула углеводаз, крахмалалъ, гликогеналъ, клетчаткаялъ хинлъи-къуват рекъезабун. БатIи-батIиял углеводал рукIуна хурдузул продуктабазулъ, крахмал – картошкадулъ, углеводаздалъун бечедаб букIуна хъабахъ, хъарпуз, пастIан, пихь, гIурдал хIан. 75% щвезегIан чакар букIуна найил гьацIуда гьорлъ.

Углеводазулго гIадинаб кIвар чорхое букIуна беэнлъабазулги. Гьел хIажалъула чорхолъ хинлъи-къуват букIиналъе ва жанисеб хIалтIи рукIалиде ккеялъе. Гьеб буго къуватаб концетрат. Беэнлъабазде чиясул хIажалъабиги бараб букIуна гьесул ригьалда, тIубазабулеб хIалтIуда бан. Цо-цо гIумро гьабулезул тIабигIиял шартIазда барабги букIуна гьеб.

(Ахир 4 гьумералда)

# Аслияб буго лъималазе лъай щвей

Балахьуниса Зарема Якъубова школалда ва МахIачхъалаялъул художественнияб училищиялда (ДХУ) цIалана гIицIго 4 ва 5 къиматазда

АнцIгоялдаса цIикIкIараб соналъ гьелъ лъай ва тарбия кьолеб буго гIагараб росдал школалда гIун бачIунеб гIелалъе. ИЗОялъул кабинет хIажатабщиналдалъун хьезабун букIиналъ гьелъие кумек гьабулеб буго цIалдохъабазда ракIалда чIоледухъ дарсал кьезе. Кабинеталде жанире лъугьаразул тIоцебе бер речIула берцинго хъвараб «Искусство требует неустанной работы, прежде всего непрерывного наблюдения»,- абурал рагIабазда. Дарсал кьолаго гьелъ хIалтIизабулеб буго цIияб, инновационнияб технология (ноутбук, проектор ва гь. ц.) Кабинеталда ругел «ЦIалдохъабаз рахьарал бищунго лъикIал суратал», «Сахлъиялъул букIон» гIадал стендаз, лъималаз цIулал, кагътил, бисералъул кумекалдалъун гьарурал алатаз лъикIаб асар гьабула гьеб бихьанщиназе. Гьираялда, гIадчIун гьабулеб хIалтIуца хIасил кьечIого хутIуларо: гьелъул цIалдохъабаз тIоцересел бакIал ккола районалда тIоритIулел къецазда. Масала, «Мы против вредных привычек», «Ниж террорална ва наркотикал хIалтIизариялда данде чIарал руго», Р. ХIамзатов гьавуралдаса 90 сон тIубаялда хурхун тIоритIарал суратал рахъиялъул къецазда 6 классалъул цIалдохъан Аминат Якъубовалъе районалда тIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал щвана.



«Дир росу» декоративиябгун прикладнияб хIалтIиялъухъ гьелъул цIалдохъанас районалда кIиабилеб бакI ккуна. «Дербент-некIсияб хъала»,- абураб темаялда сурат бахъиялъул педагогазда гьоркьоб тIобитIараб къецалда 3. Якъубовалъ районалда тIоцебесеб бакI ккуна. Дарсал кьеялда цадахъго гьелъ гьабулеб буго тарбия кьеялъул хIалтIиги. Гьелъ нухмалъи гьабулеб 7 «а» класс школалда бищунго хIаракатаблъун ккола. Заремаца гьабулеб щибаб тадбир букIуна рагIа-ракьанде щвараб, цIалдохъабазе пайда цIикIкIараб. «Кинав вукIине кколев цIалдохъан»?, «Дун школалда ва ро къов», «Дир хьизан-дир хъала», «ЛъикIлъи ва гIаданлъи», «Бищунго хIажатал махщелчагIи». Гьале гьелъ тIоритIарал классалъул сагIтазул цоцо цIарал. Учительницаялъулги цIалдохъабазул эбел-инсулги лъикIаб бухьен букIиналъ бицуна гьелъ гьезие гьабураб «Дур лъимералъул эркенаб заман» заочнияб анкетированиялъги. Зама-заманалда цIалдохъабиги рачун гьей уна тарихиял ва тIабигIат берцинал бакIазде. Гьединал ва цогидалги тадбираз кумек гьабула лъималазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъизабиялъе.

Районалда классалъул нухмалъулезда гьоркьоб тIобитIараб «Самый классный, классный» къецалда 3. Якъубовалъе тIоцебесеб бакI щвана. РакIбацIцIадаб ва хIаракатаб хIалтIухъ школалъул дирекциялъ ва райУОялъ ХIурматалъул грамотабиги кьун кIодо гьаюн йиго гьей. Учителасул жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIул бицен ккедал Заремаца абуна: «Дир пикруялда, учительлъи махщел гуребги гIумру гьабиялъул къагIидаги ккола. ГIумруялда щивав чи учитель вуго: жиндирго лъималазе, жиндасаго гьитIинасе тарбия кьеялъул рахъалъ. Живго учитель шапакъатазда хадув лъугьине кколаро. Лъималазе щвараб лъай, гьезул разияб гьими гьеле гьеб буго учителасе бищунго тIадегIаб шапакъат».

Автор
МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 20 (7212)*
*20 Май 2016 сон*
*3 гьумер*

# Садовод



## Администрациям муниципальных районов

Правительством РД принято постановление от 6 апреля 2016 года № 82 «О внесении изменений в государственную программу РД «Социально-экономическое развитие горных территории РД на 2014-2018 годы» (далее – госпрограмма)

В 2016 году на выполнение первоочередных мероприятий госпрограммы в республиканском бюджете РД предусмотрено 65 млн. руб.; в том числе на:

Строительство малогабаритных теплиц в горной местности – 20 млн. руб.;

Внесение в уставный капитал лизингодателя средств для приобретения техники и оборудования – 20 млн. руб.;

Создание гибких современных мини-перерабатывающих производств и логистики – 25 млн. руб.

Финансирование мероприятий в рамках госпрограммы будет осуществляться только в форме субсидирования фактически произведенных затрат по указанным направлениям и строго на конкурсной основе.

В настоящее время Минэкономразвития РД готовит соответствующие проекты порядков финансирования мероприятий в рамках госпрограммы и будут внесены на утверждение в Правительство РД.

Информацию о господдержки в рамках госпрограммы можно получить на сайте Минэкономразвития РД www.minec-rd.ru в разделе «Документы», «Год гор-2016»

**М. МЕДЖИДОВ.**
**Заместитель министра экономики и территориального развития РД.**

## Консультация для садоводам

# Опасный карантинный вредитель сада

Работы на садовом участке можно начинать, когда среднесуточная температура достигает +5 градусов. В это время деревья и кусты пробуждаются от зимнего сна. Садоводам уже следует закатать рукава и приступать к работе. Известно, что период от набухания почек до цветения — один из наиболее ответственных в борьбе с вредителями и болезнями сада и огорода. В это время можно предохранить плодовые и ягодные растения от повреждения многими вредителями, например, калифорнийской щитовкой.

В РД калифорнийская щитовка зарегистрирована с 1967 года. На 1 января 2014 года калифорнийской щитовкой заражено плодовые культуры в 25 районах, 8 городах, 206 селах республики на площади 3866,42 га.

При проведении контрольных карантинных фитосанитарных обследований Управлением Россельхознадзора по РД за последние годы были выявлены новые очаги калифорнийской щитовки на площади 49 га (в Сергокалинском районе в СПК «Колхоз им. Сулейманова» на площади 3,0 га, в Акушинском районе в СПК им. Курбанова – 18,0 га, СПК «Красный партизан» - 15,0 га и СПК им. Кирова – 13 га).

Заражение калифорнийской щитовкой привело к снижению урожая и качеств плодов и сады стали нерентабельными, в связи с чем были раскорчеваны в СПК им. Аскерханова Кизилюртовского района на площади 28 га, в СПК «Баршамайский» Кайтагского района – 57 га, в МУП «Фрунзенское» Магарамкентского района 66 га.

За не проведение карантинных фитосанитарных мероприятий против калифорнийской щитовки Управление Россельхознадзора по РД были наложены административные штрафы на СПК «Губденский» Карабудахкентского района в сумме 5000 рублей, МО «сельсовет Стальский» Кизилюртовского района – 5000 рублей, ЗАО «Эркенлъи» Кизилюртовского района – 10000 рублей, ГУП «Табасаранский» Табасаранского района 10000 рублей.

В садах калифорнийская щитовка чаще повреждает яблоню, грушу, персик, сливу, черешню, абрикос, миндаль, айву и др.

В нашей республике вредитель развивается в двух поколениях.

Распространяется с посадочным материалом, саженцами, черенками, а в стадии личинок–бродяжек расселяется ветром, птицами, с тарой, орудиями обработки почвы.

Для обеспечения безопасности своего сада от занесения с саженцами плодовых культур карантинного вредителя Управление Россельхознадзора по РД рекомендует убедиться в том, что на приобретаемый посадочный материал имеется карантинный сертификат.

Ранней весной в первую очередь следует осматривать повреждённую отставшую кору, где вредитель укрывается зимой от неблагоприятных погодных условий. У зимующих личинок имеется плотный чёрный щиток, окраска тела жёлтая.

Пробуждение зимующего поколения начинается с начала сокодвижения у яблони (в конце февраля – марте). Первая линька перезимовавших личинок совпадает с периодом набухания почек у яблони. Период развития перезимовавших личинок до взрослой фазы длится 50-60 дней.

Главный метод борьбы с карантинным вредителем - химические обработки. В плодоносящих садах, сильно зараженных калифорнийской щитовкой, необходимо произвести опрыскивание в период второй линьки зимующих личинок - в фазе «выдвижение соцветий» яблони и груши 1,5%-2,5% препаратом-30 с добавлением фосфорорганических инсектицидов. Последующие обработки пестицидами, разрешёнными к применению на территории РФ, необходимо проводить в период выхода «бродяжек» по каждому поколению (июнь, август).

В случае отсутствия препарата-30 деревья следует обработать заменяющими минерально-масляными эмульсиями, которые каждый садовод может приготовить сам. Для этого в теплой воде разводят мыло или глину (эмульгаторы), в полученную жидкость частями вносят масло и хорошо перемешивают до получения однородной массы.

Для приготовления 10 литров рабочей жидкости при опрыскивании берут определенное количество концентрата и, хорошо размешивая, разводят водой.

*Ниже приводится несколько рецептов приготовления минерально-масляных эмульсий*

| № п/п | Состав концетрата масляной эмульсии (на 10 л) | К-во концетрата (г) для получения 10 л. рабочей жидкости |
|---|---|---|
| 1 | веретенное масло - 7 кг. мыло -1 кг., вода - 2 л. | 570-850 |
| 2 | веретенное масло - 7 кг., глина -0,6 кг. вода - 2,4 л. | 570-860 |

3% эмульсии с веретенным маслом можно применять в фазе выдвижения соцветий. В период вегетации эмульсии с другими маслами, кроме веретенного масла, могут вызывать ожоги листьев из-за нестандартности масел.

Соблюдая и своевременно выполняя вышеуказанные несложные агротехнические и химические мероприятия, можно полностью избавиться от этого вредителя и тем самым продлить жизнь растениям, сохранить урожай.

Б. ИСАКОВ.
Госинспектор «Россельхознадзора»

# Восточная плодожорка

Садоводство является традиционной и приоритетной отраслью сельского хозяйства и имеет важное значение для экономики РД. Видовой состав плодовых культур, возделываемых в республике весьма разнообразен: яблоня, груша, слива, алыча, вишня, черешня, персик, абрикос и. т. д. садоводы заинтересованы получить качественные и красивые плоды и ягоды. Для этого припаирают немало усилий и средств. Однако для получения желаемого результата очень важно знать вредителей и болезни садовых растений, их биологию и меры борьбы с ними.

В условиях Дагестана к наиболее опасным вредителям плодовых культур относится восточная плодожорка.

В РД впервые зарегистрирован опасный гарантийный вредитель – восточная плодожорка в Магарамкентском районе в 1967 на площади 7,3 га на приусадебных участках. На данный период она заселила уже 2976,1 га садов в 11 районах, 4 городах.

При этом необходимо не допускать завоза вредителя с подкарантинной продукцией в свободные зоны, проводить мероприятия по локализации и ликвидации имеющихся очагов, а также следует своевременно выявлять новые очаги.

С этой целью организуется проведение систематических и контрольных обследований как визуально, так и с применением феромонных ловушек. С их помощью контролируется и уровень численности восточной плодожорки, устанавливаются оптимальные сроки опрыскиваний, а также используют ловушки для снижения ее вредоносности. Мероприятия по локализации и ликвидации имеющих очагов следует проводить с учетом жизненного цикла развития вредителя.

Зимуют гусеницы плодожорки в коконах, расположенных в трещинах коры, на штамбах деревьев, в верхних слоях почвы, приствольных кругов, очистку штамбов, от отмершей коры с последующим её сжиганием, значительно снижается зимующий запас восточной плодожорки.

Бабочки появляются в третьей декаде апреля в конце цветения персика. Агрессивная фаза вредителя – гусеницы, которые в первом и во втором поколении вгрызаются в побеги через точку роста и проделывают сверху вниз ходы. Побег сначала увядает, а затем усыхает. В этот период особенно на приусадебных участках следует регулярно осматривать деревья, срезать и сжигать обнаруженные пораженные побеги до ухода гусениц на окукливание. Комплекс данных мероприятий снижает в последующем вредоносность восточной плодожорки на плодах, так как с появлением завязей гусеницы переходят на питание плодами. Против каждого поколения, а в условиях Дагестана их развивается 4-5, проводятся неоднократные опрыскивания химическими и биологическими препаратами согласно списку пестицидов и агрохимикатов, разрешенных к применению на территории РФ.

В течении вегетации следует регулярно собирать, не оставляя на ночь, падалицу утилизируя её. Периодически проводить агротехнические работы в садах, а также по каждому поколению применять ловчие пояса из мешковины или гофрированной бумаги.



Согласно Федеральному закону ФЗ-99 «О карантине растений» от 15.07.2000 г. все мероприятия по выявлению карантинных объектов и борьба с ними, локализация и ликвидация их очагов осуществляется за счет средств владельцев, пользователей подкарантинных объектов.

За невыполнение законодательных актов в области обеспечения карантина растений виновные привлекаются к административным штрафам.

**Б. ИСАКОВ.**
**Госинспектор «Россельхознадзора»**

# Информационное сообщение

| п. п № | Наименование и номер счетной комиссии | Адрес места расположения | Обслуживающие поселения |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| 1 | Участковая счетная комиссия №1 | п. г. т.Шамилькала, ул. им. М. Дахадаева, 4, здание Дома культуры | п. г. т.Шамилькала |
| 2 | Участковая счетная комиссия №2 | с.Унцукуль, ул. им. М. Дахадаева, 1, здание Дома культуры | с. Унцукуль,<br>с. Бетли |
| 3 | Участковая счетная комиссия №3 | с. Майданское, ул. им. Али Алиева, здание МКОУ«Зиранинская СОШ» | с. Майданское, с. Зирани,<br>с. Балахани, с. Моксох |
| 4 | Участковая счетная комиссия №4 | с. Аракани, ул. им. Саида Араканс кого, здание Администрации МО «с/с Араканский» | с. Аракани,<br>с. Аракани прикутанный,<br>с. Ирганай |
| 5 | Участковая счетная комиссия №5 | с. Гимры, ул. им. Рамазана-Хаджи, здание Дома культуры | с. Гимры, вр. п. Гимры,<br>с. Ашильта,<br>с. Кахабросо,<br>с. Бетли |
| 6 | Участковая счетная комиссия №6 | с. Иштибури, ул. им. М. Гимбатова, здание Администрации МО «с/с Иштибуринский» | с. Иштибури,<br>с. Колоб,<br>с. Инквалита,<br>с. Колоб, прикутанный,<br>с. Иштибури, прикутанный,<br>с. Цатахих,<br>с. Новый Цатаних |

Счетные комиссии начинают свою работу в 8:00 и закрывают для подсчета голосов и установления результатов голосования в 20:00 часов. Каждый избиратель, явившийся на счетный участок, получит два бюллетеня, один бюллетень - по единому федеральному округу, другой – по одномандатному округу. Голосование рейтинговое, голос можно отдать одному и более кандидатам. Явка избирателя на счетный участок добровольная.

## *ГІисинал цІалдолезул конференция*

«Культура-детям села»,- абураб проекталда рекъон гьаб МугІрузул сонаЛъ ва гьединго халкъияв хъвадарухъан ва поэт Муса МухІамадов гьавуралдаса 90 сон тІубаялдеги гьаб соналъул I2 маялда районалъул лъималазул библиотекаялда тІобитІана гьесул «Маленький арбакеш»,-абураб тІехьалдасан цІалдолезул конференция. Гьенир гІахьаллъана 8 классазул цІалдохъаби.

Библиотекаялъул залалда гІуцІун букІана авторасул тІахьазул выставка. Тадбир тІобитІулаго лъималазул библиотекаялъул зав. ГІ. Палиеваль лъималазулгун лъай-хъвай



гьабуна юбилярасул автобиографиялъулгун ва творчествалъулгун.

Централияб библиотекаялъул аслияй библиотекарь ХІ. СултІановалъ цІалдохъабазда бицана «ЧІегІераб гамачІ», «МугІрузул сухъмахъал», «БитІккей», «Инсул машгьураб гІанса», «НекІсияб сиялъул балъголъи» асаразул хІакъалъулъ.

*Нижер мухбир*

# Нилъер аслияб квен



ГІолохъанлъиялдаса араб ригьалъул гІадамазе дагьаб гурони физическияб захІмат къваригІунарел ишазда яги пикрияб ишалда ругез беэнлъи дагьго тІалаб гьабула. Квачараб гьава-бакъалъул шартІазда ругезе гьеб цІикІкІун хІажалъула. Гьоркьохъеб хІисабалда 80-I00 грамм беэнлъи къваригІуна чиясе сордо-къоялда жаниб. Гьел цІикІкІун рукІуна рухІчІаголъабазул, гІибоцІул ва гь ц. гьаналъ, гьединго хурдузулъ; бакъдебуссалъулъ, лъолъол хьонилъ. РукІуна искусственниялги. Белоказда, беэнлъабазда ва углеводазда цадахъ чара гьечІого хІажалъула витаминалги. Гьел рукІуна пихъида овощазда гьорлъ.

КІудияб кІвар букІуна чорхое минералиял жалазулги. Гьез гІахьаллъи гьабула тканал хасго ракьа лъугьиналъулъ, кислотабазулгун углеводазул, лъадалгун цІамул къадар, бидул гІуцІи ре къезабиялъулъ, цо-цо унтабазда-са черх цІуниялъулъ.

Кванил продуктабазулъ минералияй жал (кальций, калий, натрий, магний, чІабатІ, фосфор, хлор) букІуна батІи-батІияб къадаралда. Минералиял жал ккола микроэлементал (махх, кобальт, йод, пахь, фтор). Гьезул чорхол жанисеб хІалтІуе кІудияб кІвар букІуна.

Аслияб куцалда ракьа лъугьуна кальциялдасан, магниялдасан. Кальций цІикІкІун букІуна рахьдалъ, гьелъул продуктабазулъ, тапинадул хІаливадулъ. Фосфор гІемер букІуна тІогьилаб ханилъ, хІанилъ, гьалилал культурабазулъ ва гь. ц. чІабатІ букІуна хилълоялда, багІаргьалида, нихдал ханждада, гьорода, хІанида, ханазда, чадида ва круппабазда гьорлъ. Кваназе ккола киналго хІажатал жал черхалъе щолел продуктаби.

## Уважаемый налогоплательщик!




С 1 июля 2015 года по 30 июня 2016 года в соответствии с Федеральным законом от 8 июня 2015г. № 140-ФЗ «О добровольном декларировании физическими лицами активов и счетов (вкладов) в банках и о внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации» Вы можете сообщить **о своих зарубежных активах и счетах** в налоговый орган по месту жительства или в ФНС России.

Добровольное декларирование направлено на освобождение от ответственности за ранее совершенные нарушения налогового, таможенного и валютного законодательства, а также позволяет передать активы от номинального владельца бенефициарному (реальному) владельцу без уплаты налога.

Форма специальной декларации и порядок ее заполнения и представления размещены на официальном сайте ФНС России www.nalog.ru в разделах «Деофшоризация и декларирование зарубежных активов» (https://www.nalog.ru/rn77/about_fts/international_cooperation/deooffshore/) и «Прием специальных деклараций (декларирование активов и счетов)» (https://www . nalog .ru / rn 77/ taxation / specdecl /) .

ФНС России обеспечивает конфиденциальный режим хранения поданных специальных деклараций, не имеет права передавать, содержащиеся в них сведения третьим лицам и использовать их для целей осуществления мероприятий налогового контроля.

Также ФНС России подготовила для Вас информационную брошюру( https://www.nalog.ru/rn77/about_fts/brochure/ ), в которой в доступной форме изложены особенности уплаты налогов в Российской Федерации при ведении бизнеса за границей или при наличии зарубежных активов, объясняется, как избежать двойного налогообложения, какая информация подлежит раскрытию, а также многие другие вопросы декларирования зарубежных активов и счетов.

**М. КУРАХМАЕВ.**
**Начальник ОРНП**

ЛЪАЗАБИ

Унсоколо № 2 гьоркьохъеб лъай кьеялъул школалъ МухІамадгІалиев МухІамад МухІамадовичасул цІаралда I997 соналда кьураб А №I306I77 бугеб аттестат билун буго. Гьанжеялдаса гьеб хІакъикъияб гуреблъун рикІкІуна


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**
**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 19. 05. 16 г. 19. 10
фактически -20. 10 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.